# Nókiste keń kólemli komandirlik-shtab oqıw shınıǵıwları ótkerildi

Úsh kún dawamında Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń basshılıǵında Nókis qalasında ótkerilgen komandirlik-shtab oqıw shınıǵıwlarında derlik 2,5 mıń puqara hám 200 arnawlı texnika, sonıń menen birge oqıw processinde ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám bunday jaǵdaylarda háreket etiw boyınsha 40 qa shamalas shólkem wákilleri qatnastı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Shınıǵıwlar dawamında shártli túrde júz bergen tábiyǵıy hám texnogen kórinistegi ayrıqsha jaǵdaylar sharayatında qánigelestirilgen strukturalardaǵı xızmetkerlerdiń barlıq háreketleri qayta sınaqtan ótkerildi.

Image not found or type unknown

Oqıw shınıǵıwdıń rejesine muwapıq, órt kelip shıqqan imarattan adamlardı evakuaciya etiw, órtti óshiriw, jábirlengenlerge medicinalıq járdem kórsetiw hám puqaralardı arnawlı tayarlanǵan punktlerge jaylastırıw sıyaqlı ilajlar ótkerildi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarması